

*S Hartono*

*2305*

BABAD LAN MEKARING  
DJOGÈD DJAWI

Karanganipoen

B. P. A. SOERJODININGRAT

ING NGAJOGJAKARTA.



MANSISWA  
KIRTI GRIYA

78



992  
Soe  
6

# Babad lan mekaring djogèd djawi,

Karanganipoen

**B. P. A. SOERJODININGRAT**

**ING NGAJOGJAKARTA.**

*Poenapa perloe nglahiraken karangan bab mekaring Djogèd-Djawi wonten ing serat Pananggalan ?*

## BOEBOEKA.

Kadhos badé kawastanan anèh, ingkang saepami kawangsoelan, boten perloe, amargi inggih djogèd poenika satoenggiling kagoenan Djawi ingkang moerni, poesaka banda tetilaraning leloehoer koela sami, ingkang kedhah kasoemerepan ing ngakathah, amrih itjal-ing raos tida-tidaning panganggep, ingkang asring kénging dhaja prabawaning panginten, bilih sadhaja kagoenan Djawi poenika saking Hindoe, dhadhos amoeng sawarni barang tiron, oetawi loengsoeran.

Panginten waoe landesan agama lan piwoelang warni-warni, ingkang dhaja prabawanipoen ageng sanget dateng bangsa Djawi, éwadhéné saged kabantah kalajan paseksèn ingkang njata, bilih bangsa Djawi poenika oegi gadah kagoenan ingkang asli, oepaminipoen, djogèd, (srimpi, bedaja, wajang-wong, beksan oetawi wirèng) gamelan, pirantosing tatanèn jajasan grija lan wajang loelang.

3

Leres tjatjahing kagoenan Djawi ingkang asli sake-  
dik sanget, liripoen ingkang kathah nampi piwoelang  
saking bangsa Hindoe. Ananging piwoelang waoe  
ladjeng kadapoek ingkang tjotjog kalijan raos Djawi,  
mila ladjeng awoedjoed kagoenan Djawi. Kadhosta:  
serat Ardjoena Wiwaha, karanganipoen empoe Kanwa,  
poedjangga Karaton Kaoeripan, taheen 1030, lan serat  
Barata Joedha, karanganipoen empoe Sedah, poedjang-  
ga Karaton ing Kediri, taheen 1157, (mriksanana boekoe  
*Hindoe-Javaansche Kunst door Dr. N. J. Krom, Hoog-  
leeraar te Leiden* pérangan I katja 66 lan 69).

Serat Barata Joedha poenika dhédhé pertalan serat  
Maha Barata, paseksènipoen : serat Barata Joedha ing-  
kang kanggé pasemon pakarti awon lan saé, para  
santananing Nata lan poenggawa, liripoen Nata saka-  
lijan Pandawa lan Ngastina, sami nglenggahi wadjibing  
Naréndhra bèr lila legawa ing boedhi, dhéné serat Ma-  
ha Barata Nata kakalih ingkang kanggé pasemon, inggih  
Nata ing Ngastina ingkang kadhoenoengan pakarti ang-  
kara moerka.

Kadhos sampoen samesthinipoen oetawi sampoen  
kinodhrat, mekaring sadhaja kagoenaning sawarnining  
bangsa sami dhaja-dhinajan saking satoenggal lan sa-  
toenggalipoen, inggih margi kagoenan poenika boten  
gadah watek kabangsan, nanging djagad ageng ing-  
kang ndharbèni.

Wonten oegi ingkang mastani kalintoe oetawi ke-  
sasar, manawi bangsa Djawi ngadjengaken lan ngle-  
betaken raos kagoenan djogèd sasaminipoen ing sa-  
lebeting gesang babrajan, awit badé boten saged moe-

djoedhaken barang anjar, amoeng tansah anggagas kamoeljan ingkang sampoen kapoengkoer, boten ang-gatosaken dateng djaman ingkang dhipoen lampahi, sirna padang pamraneming paningal dateng papas-thèn ing tembé. Pamanggih ingkang makaten waoe kénging kabantah kalajan paseksèn : babadhing sadha-ja bangsa sampoen anedhahaken pambangoening ge-sang babrajan kedhah njoemerepi lalampahan oetawi kamoeljan ingkang sampoen kapoengkoer, kanggé dasaring lampah ngoedhi sampoernaning gesang ba-brajan, makaten kabloedhajan lan kagoenan tilaraning leloehoer koela sami boten kénging kasingkoer, nanging kalaras mitoeroet raos lan tjara énggal, ingkang sami dhipoen lampahi ing djaman samangké.

### DJOGÈD.

Ingkang kawastanan djogèd inggih poenika ébahing sadhaja sarandhoening badhan kasarengan oengeling gangsa (gamelan) katata pikantoe kalajan wiramaning gending, djoemboehing pasemon kalajan pikadjenging djogèd, makaten woedjoedhing djogèd, dhéné ing pa-ningal bédha lagoe-lagoening ébahing badhan, wonten ingkang santer lan membat, kadhosta : djogèd Bali lan ballèt ing Prantjis jèn katanding kalijan djogèd Djawi, santering wirama kadhos nikel gangsal oetawi langkoeng. Djogèd Djawi membat boten ateges lembèk, nanging sarèh, liripoen ing salebeting djogèd, boten wonten mangsa kanggé lereming badhan, nanging tansah ébah ngetoetaken lampahing wirama, ingkang boten gampil kasoemerepan ing paningal. Makaten oegi san-

tering wiramaning djogèd Bali oetawi ballèt, boten kénging kawastanan kasar, nanging sigrak, prigel pangidhaking wirama, gampil kasoemerepan ing paningal ébahing sadhaja sarandhoening badhan.

Djogèd ingkang dhoemoenceng ing satoenggal-toeng-galing nagari oetawi bangsa, boten sadhaja sampoen sampoerna ing samoekawisipoen, saèstoe taksih wonten ingkang koetjiwa, oepaminipoen djogèdhipoen tijang Papoea. Sanadhyan ing paningal boten anengsemaken, amargi koetjiwa ing sadhajanipoen, éwodhéné toemandhanging badhan boten njimpang saking wiramaning swaraning pirantos ingkang kanggé gamelan, liripoen sadhaja kagoenan boten bédha dasar-dasaring kekdjengan.

Para maos : Djogèdhipoen tijang Papoea kadhos boten badé bédha kalijan djogèd Djawi, manawi kaoekoer nalika taoen Djawi windhoe ingkang kapisan. Kanggé njoemerepi koetjiwa lan sampoernaning djogèd poenika, saged kaoekoer saking pirantosing gamelan, amargi inggih gamelan poenika ingkang tansah gegandèngan kalijan djogèd, dhadhos mekaring gamelan saèstoe sesarengan kalijan mekaring djogèd, sampoernaning gamelan inggih sampoernaning djogèd. Paseksèn djoemboehing djogèd lan gangsa waoe ngantos saged dhipoen soemerepi salebeting sanoebarining laré alit ingkang nembé saged loemampah, inggih laré waoe asring poeroen ndjogèd, samangsa dhipoen gameli (gamelan tjangkem) bjoengipoen oetawi ingkang momong. Mila manawi para ahli djogèd kaleres ningali gambar sorot soemerep srimpi medhal ing kelir, gam-

pil sanget andawahaken loeh, amargi sanget trenjoehing manah soemerep sipating kagoenan adhi loehoeng solah-bawaning djogèd, ingkang amoeng saèmper kalijan wadher bang ing salebeting gelas.

## BABAD LAN MEKARING DJOGÈD.

Lahiring djogèd kadhos kénging ginagapan sareng kalijan manoengsa, inggih dherenging kodhrating manoengsa, sami dholanan rengeng-rengeng gagemelan, sinarengan ébahing badhan, ingkang boten djinarak awoedjoed djogèd, saèmper kadhos dherenging bijoeng ndholani anakipoen kadhos ingkang koela atoeraken ing ngadjeng. Kadhos poenapa sipating djogèd ing wekdhal samanten saèstoe boten siwah kalijan djogèdhipoen tijang wanan. Makaten waoe boten anèh, sadhaja kaboedhajan oetawi kagoenan nalika pinanggih ingkang kapisan, taksih koetjiwa ing samoekawisipoen, ananging kala mangsa inggih katingal mekaripoen, kandhel-tipisipoen goemantoeng kadjenging djaman, inggih kadjenging manoengsa, ingkang sami karaos ambetahaken.

Ing taoen 1991—1043 djaman Praboe Èrlangga ing Kaoeripan, wiwit mijos dhoemoegi ambegawan, (mrisanana boekoe *Hindoe Javaansche Kunst*, door N. J. Krom pérangan I katja 64—67) kaboedhajan toewin kagoenan dhalasan tatanan kapradjan lan tatanèn kagatosaken sanget.

Katjarijos : tijang sami saged djogèd gamelanipoen amoeng warni tiga : soeling, kendang toewin gambang. Sapinten dhedheging djogèd katanding kalijan ing

djaman samangké saged kaoekoer saking tjingkranging pirantosing gamelan, inggih kènging kapasthèkaken teksih dhèrèng padja-padja ngèmperi.

Sapengkeripoen Praboe Èrlangga nalika karaton dhadhos kalih (Djenggala lan Kediri), boten wonten tjarijosipoen prakawis kaboedhajan oetawi kagoenan. Ing taoen 1104—1157 karaton dhadhos satoenggal ing Kediri sawatawis katingal kamadjenganipoen kasoestasran lan kapoedjangan, kadhosta : serat-serat Kresnana lan Soemanasantaka, karanganipoen empoe Trigona, toewin serat Baratajoedha karanganipoen empoe Sedah.

Wiwit ing taoen 1222—1333 katradjang retoening pradja, para Nata lan Satrija sami tansah andhon joedha, kaboedhajan lan kagoenan babar pisan boten kasroewé, inggih padhoedhon salebeting pradja poenika ingkang asring dhadhos wisaning kamadjengan ing samoekawis.

Ing taoen 1334—1389 djaman Praboe Hajamwoeroek, Patih Gadjahmadha, ing Modjopahit inggih djaman koemboeling tanah Djawi. Kagoenan djogèd, kapoedjangan, gamelan toewin tembang kagatosaken sangeget. Manawi kaleres wonten karaméjan oetawi wonten tijang gadah dhamel, Praboe Hajamwoeroek kerep karsa toemoet mbantoe ngramèkaken pasamoewan, malah asring kapareng njalirani mbeksa pijambak, ingkang rama ingkang milihaken gendingipoen, sarta toemoet naboech gamelan, ingkang iboe dhamel rerepèn lan anjindèni. Awit toentoening kagoenan kahasta ingkang djoemeneng Nata pijambak, para maos kadhos

sampoen saged nggagapi, kadhos poenapa kama-djenganing kagoenan ing djaman samanten katanding kalijan djaman Praboe Erlangga, kadhos ingkang koela atoeraken ing ngadjeng. Emanipoen tjatjah lan woedjoedhing pirantosing gangsa boten kapratélakaken, dhadhos boten saged kaoekoer sapinten mekaring kagoenan djogèd.

Kadhos poenapa mongkoging bangsa Djawi ing djaman samanten, nanging kamoeljaning Modjopahit boten saged langgeng lan boten dhangoe. Sapengkeripoen Praboe Hajamwoeroek ing taoen 1389, toewoeh malih tjatjongkrahan para kadhang, dhamel retoening pradja, para ahli kaboedhajan oetawi kagoenan boten saged nandjakaken kapinteranipoen.

Ing taoen 1478 sirnaning Modjopahit, mitoeroet Babad Djawi, karaton pindah dateng Dhemak lan ngrasoek agami Islam, nanging tjarijosipoen *Portugees De Brito*, kalajan paseksèn ingkang mitadhosi, ing taoen 1513 taksih wonten Ratoe Djawi agami Hindoe ingkang ageng prabawanipoen, djedjoeloek Praboe Girindhra-wardhana, karaton Modjopahit santoen nama: Wilwatikta, liripoen ambroeking karaton Modjopahit waoe boten saking bangsa Islam, nanging saking golongan ingkang taksih ngrasoek agami Hindoe, (mriksanana *N. J. Krom Hindoe-Javaansche Kunst* pérangan I kaja 83). Ngadjengaken taoen 1526 lantaran saking dhaja prabawaning agami Islam karaton Hindoe ingkang poengkasan kaseboet nginggil sirna, (dhadhos ing ngriki saged kasoemerepan bédhaning pamanggih titimangsa adheging karaton Islam, poenapa taoen 1478



poenapa taoen 1526), bangsa djawi ingkang dhèrèng ngrasoek agami Islam, (teksih setya dateng agami Hindoe,) sami késah tetroeka wonten Tengger, Blambangan lan Bali. Wonten ing Bali para ahli kaboedhajan lan kagoenan Djawi sami angsal margi nandjakaken kapinteranipoen, lan saged dhamel mekaring kaboedhajan toewin kagoenan kalajan tentrem kalaras nganggé tjéngkok Bali.

Ing poelo Djawi, salebetipoen taoen 1389—1526 ké-tjalan latjak djedjering djogèd, nanging makaten waoe sampoen dhadhos kodhrating Alam bilih retoening pradja ingkang mataoen-taoen laminipoen saged ngébah sadhaja kawontenan oetawi njantoeni sisipating kagoenan kadhos kawontenan ingkang goemelar ing dhonja, oepaminipoen ing Egypte, antawisipoen 2000 oetawi 3000 taoen sadhèrèngipoen Kristen, djogèd kanggep kagoenan loehoer, langkoeng-langkoeng ing Griekenland, nagari ingkang soegih ahli kagoenan, mi-soewoer lagoening djogèd, inggih djogèd poenika kanggé margi moedjoedhaken raos kabatosaning manoengsa ingkang moerni, migoenani kanggé panggoela wenthahing bangsa. Mila katata warni-warni, pérang-péranganing woedjoedhing djogèd ingkang kanggé pasamoewan ageng, agami, karaméjan oemoem, kanggé seneng-seneng pangoenggaring manah lan sanès-sanèsipoen. Wonten ing Rome tahoen 753 sak dhèrèngipoen Kristen, kagoenan djogèd Griekenland sami kawoelangaken, nanging salah kedhadhèn, itjal sipating djogèd kosokwangsoel kalijan wonten ing Griekenland.

Wonten ing kalanganing bangsa Jahoedhi, 500 taoen sakdhèrèngipoen Kristen, djogèd kagatosaken sanget.

Kadjawi kanggé perloening agami lan karaméjan oemoem oegi wonten ingkang kanggé ing saganten wedi, inggih katletah djogèd saqara wedi (*Woestijndans*). Kadhos makaten sipating djogèd kina ing tanah kilènan ingkang oegi boten langgeng. Ing taoen 375—600 lantaran retoening pradja, inggih djaman pandeseking satoenggala lan satoenggaling babrajan ingkang katletah nama djaman *Volksverhuizing*, djogèd kilènan ingkang pèni lan asli sirna tanpa dhadhi.

Éwadhéné ing taoen 1533 poetri Katharina de Medicis ing Itali ingkang ladjeng kagarwa Nata ing Prantjis (Hendrik II) saged ndapoek djogèd ingkang moer ni ingkang kawastanan ballèt, lan misoewoer dhoemoe gi ing djaman samangké.

Makaten oegi djogèd Djawi ingkang sampoen sirna ing taoen 1389—1526, kadhos ingkang koela atoeraken ing ngadjeng, ing djaman karaton Padjang lan Mataram katingal kagatosaken, nanging sinten ingkang andapoek woedjoedhing djogèd, kadhosta : srimpi oetawi bedaja, beksan oetawi wirèng, boten saged kasoemerepan. Nalika karaton ing Padjang taoen 1547—1582 ing serat Babad namoeng katjarijos : ing samangsa ingkang Sinoehoen mijos siniwaka mawi kadèrèkaken manggoeng, bedaja, srimpi, amoeng djogèd lan beksan (wirèng) tjetha sampoen wonten. Katjarijos nalika Kangdjeng Soeltan Padjang oetoesan dateng Mataram nimbali Ngabèi Loring Pasar mawi kasegah beksan, ingkang mbeksa Radhèn Rangga poeta Mataram, makaten oegi beksa tajoeb wonten ing Mataram kanggé njegah para nara pradja ingkang sami ngladhosaken paos.

Ing djaman karaton Mataram ingkang kapisan (Panembahan Sénapati) taoen 1582—1601 lan ingkang kaping II, 1601—1613 sarta kaping III, 1613—1638 kawontenanipoen djogèd boten bédha kalijan djaman Padjang.

Ing taoen 1638—1645 djaman Ingkang Sinoehoen Soeltan Agoeng, kaboedhajan lan kagoenan kagatosaken sanget. Serat Wirit piwoelang karanganipoen Kangdjeng Soeltan Agoeng, penganggé koeloek lan oedeng ingkang ngémba kopjah lan serban, oegi jasanipoen ingkang Sinoehoen, makaten oegi bedhaja ketawang, inggih bedhaja poesaka ing Soerakarta ing samangké, (mriksanana *Handelingen eerste Congres Taal-, Land- en Volkenkunde door K. P. A. Hadiwidjaja*, katja 87—90).

Sak pengkeripoen Ingkang Sinoehoen Soeltan Agoeng, taoen 1645—1705 ing Mataram toewoeh tjatjongkrahan, para ahli kaboedhajan kagoenan boten kober ngrembag nandjakaken kapinteranipoen.

Ing taoen 1705—1719 djaman Ingkang Sinoehoen Hamengkoe Boewana I katingal bribik-bribik wonten djogèd. Sampéjandhalem Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom ing Mataram, wonten ing Kaboepatèn Semarang beksa tajoeb. Ananging ing taoen 1719—1755 (djaman Ingkang Sinoehoen Mangkoerat ingkang kaping II dhoemoegi Gijanti) kataman tjetjongkrahaning para Poetra lan santananing Nata, prakawis kaboedhajan lan kagoenan boten kagatosaken. Namoeng radi anggoemoenaken salebeting taoen 1746—1755 (mriksasana babad Gijanti) nalika mbedah Panaraga Ingkang Boepati katjarijos gadah bedaja pitoeng setèl. Makaten

oegi Kangdjeng Pangéran Harja Boeminata salebetipoen tjetjongkrahan saged merlokaken pasamoewan bedaja lan srimpi.

Bakdha Gijanti (13 Februari 1755) kagoenan djogèd lan wayang loelang katingal kamadjenganipoen. Ing wekdhal samanten katjarijos Sampéjan Dhalem Ingkang Sinoehoen Ngajogjakarta njoewoen goeroe djogèd lan panatah wayang loelang ing Ngarsa Dhalem Sampéjan Dhalem Ingkang Sinoehoen Soerakarta. Sampéjan Dhalem Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati Anom ing Ngajogjakarta nalika martamoe dateng Soerakarta, wonten ing kadaton kasegah beksa tajoeb lan oegi toemoet mbeksa.

Saja tjetha katingal mekaring kagoenan djogèd saged kasoemerepan wiwitipoen wonten beksan Troenadjaja ing Ngajogjakarta, sarta ringgit tijang ing Mangkoenegaran lan ing Ngajogjakarta. Dhéné dhedheging djogèd boten siwah kalijan ing djaman samangké. Makaten oegi pirantosing gamelan, dhadhos oepami katan ding kalijan djaman Praboe Erlangga kadhos ingkang sampoen koela atoeraken ing ngadjeng, saèstoe dhédhé empoet-empoetipoen.

Sapengkeripoen Sampéjan Dhalem Ingkang Sinoehoen ingkang kaping I ing Ngajogjakarta taoen 1792, Sampéjan Dhalem Ingkang Sinoehoen kaping II jasa bedaja semang, saèmper kalijan bedaja ketawang ing Soerakarta, ingkang katjarijos jasan Dhalem Sampéjan Dhalem Ingkang Sinoehoen Soeltan Agoeng.

Antawisipoen 1822—1855 ing Ngajogjakarta lair beksan èthèng jasanipoen Sampéjan Dhalem Ingkang Sinoehoen kaping V. Salebetipoen taoen 1855—1913 Ra-

dhèn Toemenggoeng Poerwodhiningrat prijagoeng najaka ing Ngajogjakarta saged ndapoek djogèd djèngkèng, inggih ing samangké katelah nama langendhrija. Lantaran toentoenanipoen Kangdjeng Goesti Pangéran Adhipati Mangkoeboemi, mekaring langendhrija saged awoedjoed ringgit tijang djèngkèng, boten siwah kalijan ringgit tijang ingkang djogèd ngadheg. Saladjengipoen kathah para ageng ingkang sami kasengsem niroe, kadhosta: Semara Soepi lan Mondhra Wenara jasanipoen Kangdjeng Radhèn Adhipati Dhanoeredja sarta Kangdjeng Pangéran Aria Adhipati Dhanoeredja ing Ngajogjakarta.

Petjahing perang Eropah (1914—1918) dhamel sigeg adjenging kabोधajan lan kagoenan. Ing Soerakarta lan Ngajogjakarta boten wonten walang ngasisik nijat manah ing bab poenapa kémawon.

Saking dhaja prabawanipoen Java-Instituut, inggih poenika pakempalan ingkang nijat ngadjengaken kabोधajan lan kagoenan Djawi, Madhoera lan Bali kadhegaken kaping 4 Agoestoes 1919 (nalika kaping 5 Juli 1918 sadhèrèngipoen angsal rechtspersoon sampoen ngawontenaken kongres ngrembag mekaring kabोधajan Djawi). Ing Poendhi-poendhi panggénan toewoeh pakempalan-pakempalan ingkang sedhyanipoen kalebet pérangan wawengkon Java-Instituut, kadhosta: Sobokarti ing Semarang, ngadjengaken sawarnining kabोधajan lan kagoenan, kabantoe Gemeenteraad Semarang, woedjoed subsidie lan sampoen gadah schouwburg pijambak.

Mardhigoena toewin Kridamataja ing Soerakarta ngadjengaken djogèd lan naboeuh gongsa sarta sampoen

rambah-rambah ngawontenaken pasamoewan ringgit tijang Krida Beksa Wirama ing Ngajogjakarta, ingkang sampoen gadah pamoelangan djogèd lan naboech gongsa, (djogèd srimpi oetawi bedaja, ringgit tijang lan topèng) kaparingan subsidie saking Karaton.

Makaten oegi ing Soerakarta lan Ngajogjakarta sampoen wonten pamoelangan dalang, ingkang kahadhegaken dhéning pakempalan-pakempalan Radyapoestaka lan Abirada ingkang oegi tampi subsidie saking Karaton sarta nagari.

Kadjawi toewoehing pakempalan-pakempalan, oegi ing Karaton Soerakarta lan Ngajogjakarta, Kadhipatèn Pakoealaman lan Mangkoenagaran, sami katingal mèmèng lan rosa anggènipoen sami toemandhang ngadjengaken kagoenan djogèd lan gongsa. Karaton Soerakarta kamadjenganipoen prakawis wirèng, saged kasoemerepan gebjagan wonten ing dhinten kongres sawarnining pakempalan ingkang ageng-ageng. Dhéné karaton Ngajogjakarta sampoen katingal tjetha kamadjenganipoen babagan ringgit tijang sarta beksan ingkang sampoen marambah-rambah kagebjagaken ageng-agengan ngantos tiga oetawi kawan dhinten teroesan. Kadhipatèn Pakoealaman toewin Mangkoenagaran oegi boten ngoetjiwani. Kadjawi ringgit tijang lan wirèng oegi djogèd srimpi kagatosaken.

Madjelis loehoer Taman Siswa oegi boten poeroenkantoen. Wiwit ing taoen 1931 sampoen ngawontenaken pamoelangan djogèd bedaja lan srimpi, malah sampoen kagebjagaken nalika konperènsi ageng pagoeron Taman Siswa wonten ing Ngajogjakarta kaping 17 December 1933.

## PANOETOEP KANTHI KATERANGAN.

Ing ngriki perloe katerangaken soepadhos para maos saged gamblang amargi ing karangan poenika ritjikan ingkang alit-alit kadjarag boten kapratélakaken amrih boten anggedabjah.

Djogèd bedaja oetawi srimpi kathah ingkang mastani ing kinanipoen amoeng kanggé perloening agami. Nanging pamanggih waoe dhèrèng goemathok liripoen boten landesan pasaksèn ingkang mitadhosi. Wawaton boekoe-boekoe dhamelanipoen para ahli kabloedhajan lan kagoenan kina (*wetenschappelijke boeken*), ing djaman Karaton Kaoeripan Kediri, Modjopahit lan Dhemak boten wonten ingkang njarijosaken bedaja oetawi srimpi, dhadhos djogèd waoe sampoen tjetha boten gandèng kalijan agami, liripoen amoeng kanggé pasamoewan ageng kapraboning Nata kadhos ingkang goemelar ing pradja Kadjawèn ing samangké.

Dhedheging djogèd bedaja oetawi srimpi sampoen moetjoek sanget lan sampoerna. (*De bedojo of srimpi-danskunst heeft het hoogste peil van ontwikkeling bereikt door technische volmaakheid en smaak*) lan sampoen misoewoer ing bawana ageng, mila boten anèh para nonah-nonah bongsa Eropah sami kapéntjoet sinaoe wonten ing pamoelangan djogèd Krida Beksa Wirama.

Ing Karaton Ngajogjakarta laré-laré djaler oegi sami sinaoe djogèd bedaja oetawi srimpi lan kagebjagaken ing dhint-entingalandhalem taoenan Sampéjan Dhalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan toewin Kang-

djeng Goesti Pangéran Adhipati Anom ingkang katle-tah nama bedaja oetawi srimpi djaler, ananging ing taoen 1914 kasowak.

Beksan Troenadjaja poenika ing kinanipoen amoeng kanggé bilih pandjenengan Nata kagoengan dhamel mantoe. Bidalipoen saking Kraton dateng Kapatihan, inggih papan tapoeking dhamel mawi kairing gongsa lan ingkang sami dhadhos beksan sami noempak koe-dha kasongsongan soedijan sangking para bandhara pangéran toewin para boepati. Wiwit beksa djam woloe dhaloe, bibar djam tiga. Makaten oegi ingkang sami dhadhos beksan boten kénging nilar papan simpingan, liripoen boten kénging késah, kadhos dhéné simpingan ringgit watjoetjal wonten ing kelir. Ing samangké tata-nan ingkang kadhos makaten waoe sampoen kasowak.

*Ringgit tijang* : ing Soerakarta kadapoek kalih war-ni. 1) Ingkang tjampoeran djaler èstri, liripoen ringgit djaler ingkang dhadhos djaler, ringgit èstri inggih èstri. 2) Lan dapoe kan ringgit tijang ingkang sami dhadhos tijang èstri sadhaja, kadhosta : langendhrija ing Mangkoenagaran toewin ringgit tijang gedog, Mardhi-goena. Ing Kraton Ngajogyakarta kosokwangsoel, ingkang sami dhadhos ringgit djaler sadhaja, makaten oegi ing soewaoe kadhipatèn Pakoealaman (ing samangké Pakoealaman ngagem dapoe kan ringgit tjampoeran). Ing samangké panganggénipoen ringgit tijang ing Soerakarta toewin Ngajogyakarta boten bédha, sami ngémba ringgit watjoetjal, (sadhèrèngipoen djoemeneng dhalem Sampéjan Dhalem Ingkang Sinoewoen Kang-djeng Soeltan ingkang kaping VIII ing Ngajogyakarta, panganggénipoen ringgit tijang oedeng-oedengan).



*Ringgit tijang topèng* : lelangening kawoela padoesoenan (Volkstooneel) djogèdhing ringgit sami ngém-ba djogèd Klana, mila inggih katingal senggoeh-senggoeh lan bérag. Dapoekaning lampah<sup>2</sup> ing ringgit sa-èmper ing antawisipoen, tonil lan ringgit tijang, panganggénipoen oedeng-oedengan, dhéné ingkang sami dhadhos ringgit tijang djaler sadhaja, ingkang sami dhadhos goeroe djogèd lan ndapoek lampahan ingkang badé kagebjakaken ingkang kathah para dalang ing padoesoenan, nanging éman dhéné ing samangké ringgit tijang topèng ing padoesoenan waoe sirna, lan topèngipoen kathah ingkang sami kasadhé, ing samangké ingkang moelangaken djogèd topèng lan ndapoek lampah-lampahipoen pakempalan Krida Beksa Wirama.

*Djogèd djèngkèng* : dhoemoegi ing samangké dhèrèng wijar tebanipoen, dhèrèng soemebar sadjawining pradja Ngajogjakarta, kinten-kinten kamanah angèl lan awrat, oetawi mila boten anengsemaken. Leresipoen langkoeng gampil lan ènthèng katimbang kalijan djogèd ngadheg, paseksènipoen saben laré kampoeng ingkang sampoen naté ningali ringgit tijang, tamtoe ladjeng saged nindhakaken kalajan gampil. Dhéné awon saéning lelangen waoe, anengsemaken oetawi boten, manawi katanding kalijan ringgit tijang djogèd ngadheg, pantjèn dhédhé tandingipoen. Amoeng kémawon kanggé kasoegihan oetawi pepaking kagoenan djogèd, boten kénging kalirwakaken, liripoen kedhah kadjagi gesangipoen.

Djogèd tajoeb gampil lan bérag, margi boten katjèntjang tatanan djogèd lan gending. Amoeng kémawon



sangking dherenging kabérgan asring salah kadha-  
dhèn, itjal sipating tajoeb ladjeng woedjoed djang-  
groeng, gampil nerak kasoesian.

Ing ngriki koela ndjarag boten dhamel wawasan, se-  
dyaning manah loegoe namoeng ambèbèr woedjoe-  
dhing kawontenan, ingkang koela sipati lan sagadhoe-  
ging seserepan.

TELAS.

USTAKAAN  
N - SISWA

992  
500

MUSEUM T  
DEWANTARA